**Фонд оценочных средств для аттестации обучающихся**
**по учебному предмету**
**«Литературное чтение на родном (чеческом) языке»**

*(2-4 классы)*

Обязательная часть учебного плана.
Предметная область: Родной язык и литературное чтение на родном языке

2023-2024уч.г

## «Нохчийн литература» дешаран низамехула мах хадоран г1ирсийн паспорт.

| Рог1 № | Мах хадоран г1ирсан ц1е | Чийрик | Х1оттийнарг |
|---|---|---|---|
| **2 класс** | | | |
| 1. | **Хьалхарчу чийрикан лерина талламан болх** | **I** | Дешаран книжка 2 класс: учебник Солтханов Э.Х., Солтханов И.Э. Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь.Грозный: Грозненский  рабочий |
| **2.** | **Шолг1ачу чийрикан лерина талламан болх** | **II** | Дешаран книжка 2 класс: учебник Солтханов Э.Х., Солтханов И.Э. Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь.Грозный: Грозненский  рабочий. |
| 3. | **Кхоалг1ачу чийрикан лерина талламан болх** | **III** | Дешаран книжка 2 класс: учебник Солтханов Э.Х., Солтханов И.Э. Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь.Грозный: Грозненский  рабочий. |
| 4. | **Промежуточни  талламан болх** | **IV** | Дешаран книжка 2 класс: учебник Солтханов Э.Х., Солтханов И.Э. Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь.Грозный: Грозненский  рабочий. |

## «Нохчийн мотт» дешаран низамехула мах хадоран г1ирсийн фонд. 2 класс.

### Хьалхарчу чийрикан жам1даран талламан болх 2 класс.

**Ф.Ц1._____________________________________Класс:_________Терахь ____**

**1.Харжа нийса жоп:**

**1.Х1ун йу ненан когашкахь?**
Мачаш пазаташ
ялсамани калош

**2.Х1ун ала деза х1ума йаале?**
Бисмиллах1иррохьманирохьим
Алхьамдулиллах1и раббил 1аламийн.

**3.Къола дича муьлха меже йоккху бусалба динехь**
ког корта
куьг церг

**4.Мила ву харцлийна барзо виънарг?**
тракторист комбайнер
таксист 1у

**5. « Йовза произведени»**

Пайхмара аьллачунна тидам бича ,вайна карадо ден, ненан сий дан, дог эца , лара , вай декхарийлахь хилар, къаьсттина ненан

________________________________________________________________

Хиш сов шортта кхоьллина вай далла.Хица хилча, вай а хир дацара.

________________________________________________________________

Цхьана йуьртахь жа дажош 1у хилла.И 1у харцле 1емина хилла._________________

**Шолг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх. 2 класс.**
**Ф.Ц1.___________________________Класс:_________Терахь __**

1. **«Хьенан дешнаш ду**

«Муьлхха а болх оьшуш бу» дийцар т1ехь х1ара дешнаш хьан элира?

«Х1ара детсад тхан йу» ________________

«Маликат» стихотворении т1ехь х1ара дешнаш хьан элира?
«Могуш дуй шу? Мацделлий?Дохделлий шу?____________________

«Пхьола» дийцар т1ехь х1ара дешнаш хьан элира?

-И бохург х1ун ду? Куьйгаш доцуш ваци вайша.
___________________________

**2.Чакхдаккха дош**

Вай 1амийна произведенеш, аша т1етоха т1аьххьара дош.

Мусас пенаш нийса доьтти

Цхьа маь1иг ца йаьлла….____________

Хьалха хьоьжуш

Йелакъежаш,

Буьхьигсанна,….______________________

Кемаас а 1амор ду,

Кеманна т1ехь

Со …____________

Вуно говза ….______________

**3. Вовза йаздархо.**

Ц1ен ши ког бу,

Пийсак санна

Нека дан йу

Ч1ог1а говза ____________________________

Мусас пенаш нийса доьтти

Цхьа маь1иг а ца йаьлла сов.

Т1еш, сторпалш цо говза хоьтту

Цо ша туьллуш бу и тхов. _____________________________

1. **Кхоалг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх. 2 класс.**

**Ф.Ц1.____________________________________Класс:_________Терахь ____ 1.**

**1.«Йовза стихотворени»**

Б1аьсте йог1у, комол санна,
Идош дуьзна ,буьрсахиш
Хийладукхасатийсарна
Сан лаьмнашкакхечиирс __________________________

Ло ду дешаш, 1овраш уьдуш,
Меллаабовхахьожумалх
Хиш а дог1у буьрсадестий
Текхошйохьушгоьргийнчалх____________________

-Доьхуш доьду 1а-и десте-
Воккха дада солутхан
Йоьлуш йог1у нана-б1аьсте,
Олхазарш дууьдуш ц1а_____________________________

**2. «Йовза  произведени»**

Б1аьсте йеха лаьттира схаьа ца йеллалуш. Т1аьххьарчу к1иранашкахь декхна шийла денош лаьттара. Г1орийна латта дийнахь дасталора ,ткъа буса ворх1 градусе кхаччалц шело х1уттура.________________

1а даккха бовхачу мехкашка д1адаханчуьра йухакхочу тайп- тайпана олхазарш.Уггар хьалха гучуйовлу алкханчаш. Баннаш деш,хьозарчаша д1алецна шайн баннаш схьадохуш, хуьлу уьш.________________

Синтар дог1а кечйина меттиг нехех,бецех ц1анйина хила еза. Синтарш б1аьста йа гурахь д1адог1а деза.____________________

**3.  «Вовза йаздархо»**

Ткъа вайн бераш ,ирсе бераш-

Бай т1ехь техка зезагаш.

Цара лекхча зевне эшарш

Б1аьста дека олхазарш. ________________________

Алал, муьлха олхазарш ду,

Б1аьстенца схьадог1уш дерг

Хаац,боху, дуьйцур хьуна

Цунах сайна хууш дерг. ____________________

**Промежуточни талламан болх 2 класс.**

**Ф.Ц1.___________________________________Класс:_________Терахь _**

**1. «Йовза произведени». Муьлхачу стихотворени йукъара бу хIара могIанаш:**

К1ета йоьсси йоьза гуьйре
Бешахь месал мотт билла

А) М.Мамакаев «Гуьйре».
Б) Э. Мамакаев«Гуьйренан 1уьйре».
В) 1. Мамакаев «Дагалецамаш».

**2.Хьан йазйина хIара дешнаш йукъадогIу стихотворени:**

Маликате школехь хоьтту:
-Дика муха доьшу ахь

А) З. Сулейманова
Б) М.Мамакаев
В) М.Жамалдин
Г) Ш.Акуев

**3.Хьан йаздина «Чен к1орнеш лийчор»**

А) Хь. Саракаев.
Б) В. Бианки
Г) 1. Мамакаев

**4.Цхьанатоха произведенийн цIераш а, авторан цIераш а.**

1. К1ентий. 1. Э.Мамакаев
2. Гуьйренан1уьйре 2. В. Осеева
3. Нура. 3. Т. Ахмадова.

**5. Хьан аьлла дешнаш.**

Барзах а ца кхоьру ,цхьогалах а, ченах а- цхьаннах ца кхоьру.

____________________

1а шийла ду,цхьа а тайпакхалла х1ума а цакарайо.Мац а елла , г1ел а елла.Х1ун дича бакъахьа дара-техьа аьлла, хатта еанер-кх со ,аьлла къамел долийра ________________________

Со-м ,тоххарехь схьа а кхаьчна, хьоьга хьожуш 1аш ма ю , хьо-м яда мацало.___________________________________

6. **Вовшах таса кица.**

Аьхка 1иллинарг _____________________________

Ала аттаду_____________________________

Вижна а 1уьллуш_______________________-

**«Нохчийн литература» дешаран низамехула мах хадоран г1ирсийн паспорт.**

| Рог1 № | Мах хадоран г1ирсан ц1е | Чийрик | Х1оттийнарг |
|---|---|---|---|
| **3 класс** | | | |
| 1 | **Хьалхарчу чийрикан лерина талламан болх «Эхь–бехк.»** | **I** | Дешаран книжка 3 класс: учебник Солтханов Э.Х., Солтханов И.Э. Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь.Грозный: Грозненский рабочий. |
| 2 | **Шолг1ачу чийрикан лерина талламан болх «Йоккха стаг»** | **II** | Дешаран книжка 3 класс: учебник Солтханов Э.Х., Солтханов И.Э. Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь.Грозный: Грозненский рабочий. |
| 3 | **Кхоалг1ачу чийрикан лерина талламан болх «Бен»** | **III** | Дешаран книжка 3 класс: учебник Солтханов Э.Х., Солтханов И.Э. Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь.Грозный: Грозненский рабочий. |
| 4 | **Доьалг1ачу чийрикан лерина талламан болх «Бохам».** | **IV** | Дешаран книжка 3 класс: учебник Солтханов Э.Х., Солтханов И.Э. Къамел кхиорна лерина белхан тетрадь.Грозный: Грозненский рабочий. |

**Фонд оценочных работ по литературному чтению на чеченском языке.**

**за 1 четверть**

Фамилии, ц1е_____________________________________________ 3 __ класс

1. **Д1аеша текст.**

**Эхь–бехк.**

Нинас урокашна кечам ца бинера. Цо школе ца яха сацам бира.
Амма шена бевзачарна, ша белхан хенахь книжкашца ца гайта, Нина лечкъина боьлаке яхара.
Шен марта чохь долу т1оьрмиг а, книжкаш а коьллашна юккъе д1а а еххина, иза хазачу поллана т1аьхьаелира. Цига хьийзаш т1енисъелира цхьана жимачу к1антана, шега дикачу, тешамечу б1аьргашца хьоьжуш волчу.
Цуьнан карахь тетрадь юккъе йиллина абат а гина, Нинас цуьнца забар ян сацам бира.
- Х1ей, ваьллалеларг! – ч1огг1а элира цо. Жима волуш дуьйна да-нана а, школернаш а 1ехош ву хьо?
- Х1ан-х1а! – жоп делира цецваьллачу к1анта.
- Со школе воьдуш вара. Кхузахь хьуьнахула лелаш цхьа доккха ж1аьла ду. Иза летира. Со, цунах кхера а велла, тилавелира.
Нина кхоьлина д1ах1оьттира. Амма жима к1ант, дагахь х1ума а доцуш, догдика вара. Нинин дийзира, иза куьг а лаьцна, боьлакахула новкъа ваккха. Ткъа Нинин книжкаш коьллашна юккъехь йисира, х1унда аьлча, жимачу к1антана а гуш, уьш схьаэца цунна эхь хийтира.
Гаьннаш т1ехьара схьаиккхинчу ж1аьло, книжкаш 1адда а йитина, марта диира.
Юха йирзина Нина, охьа а хиъна, доггах йилхира. Х1ан-х1а! Цунна новкъа дацара марта даар. Амма цуьнан коьрта т1ехула хаза эшарш лоькхура синкъерамечу олхазарша. Нина ч1ог1а холчохь яра, цунна 1аламат ч1ог1а эхь хеттера.

**( 177 дош)**

**2. Билгалъяккха х1ун текст ю иза:**

а**)<u>Дийцаран</u>**

б)Сурт х1отторан

в)Ойлаяран

**3. Яздархочо школехь йоккхург х1ун хан лору:**

а**) <u>Белхан хан</u>**

б) Самукъане хан

в) Садо1у хан

**4. Х1унда ца яхара Нина школе?**

Текст юккъер асхьалаха оцу хаттарна жоп луш йолу предложени.

Д1аязъе **<u>Нинас урокашна кечам ца бинера</u>**

**5. Х1ора билгалдашна маь1ница дог1у ц1ердош лаха.**

а) Жима –<u>к1ант</u>

б) Доккха – <u>ж1аьла</u>

в) хаза –<u>полла</u>

**6. Чекхъяха предложенеш**

1. Кхузахь хьуьнахула лелаш цхьа **<u>доккха ж1аьла ду</u>**
2. Марта даар цунна **<u>новкьа дацара</u>**

**7. Схьаязъе текста юккъера хаттаран предложени**

**<u>__- Х1ей, ваьллалеларг! – ч1огг1а элира цо. Жима волуш дуьйна да-нана а, школернаш а 1ехош ву хьо</u>**?

**Фонд оценочных работ по литературному чтению на чеченском языке.**

**за 2 четверть**

1.Д1аеша текст.

Йоккха стаг.

Урам новкъахула доьдуш дара к1ант а, йо1 а.Цу шинна хьалха яьлла йоьдуш йоккха стаг яра.Урамехь ,ша хьаьхна шера яра.Йоккха стаг, ког а шершина, охьакхийтира .

-Д1алаца сан книжкаш !- аьлла , мохь туьйхира к1анта йо1е.

Шен т1оьрмаг йо1е д1абелира цо. Т1аккха иза ведда йоккхачу стагана г1о дан вахара. К1ант вухавеъча,йо1а хьаьттира:

__Хьан денана ю иза?

-Яц,-элира к1анта .

-Хьан нана ю?_тамаша бира йо1а.

-Яц.

-Дейиша ю? Я гергара ю?

-Яц, яц,-элира к1анта. –Иштта д1а йоккха стаг ю.

1. Текстан коьрта маь1ана билгалде. **<u>Г1иллакх</u>**
2. Билгалъяккха ,х1ун текст ю иза. Нийса жоп билгалде.
   --**<u>Дийцаран</u>**
   --Сурт х1отторан
   --Ойлаяран

4.Дийцаран коьрта турпалхо мила ву? Текст т1ера схьаязъе.

**<u>Йоккха стаг,к1ант,йо1</u>**

5.Д1аязбе къамелан декъашхой.

_**<u>Йо1 а, к1ант а.</u>**

6.Текст юккъера схьа а лахий , чекхъяха предложени.

Ураман новкъахула **<u>доьдуш дара к1ант а, йо1 а</u>**.

7. Т1адамийн метта элпаш дахка.Билгалъяха коьрта меженаш.

Йо..кха стаг, ког а шерш…на ,охьакхи..тира .

Фонд оценочных работ по литературному чтению на чеченском языке.

**Фонд оценочных работ по литературному чтению на чеченском языке.**

**за 3 четверть**

1.Д1аеша текст.

Бен.

Б1аьсте чекх а яьлла, аьхке юлуш хан яра. Дочу - Борзана юххерчу тог1ехь уьшал чуьра къаж хьокхуш вара 1усман. Кхуо мангал д1атуххушехь, кхунна хьалхара цхьа-ши метр генарчу къожа юккъера, чехка т1емаш а детташ, цхьа олхазар хьалаиккхира. Иза яра бад.

Къожа юккъехь бара бедан бен. Оцу говза бинчу бенахь 1уьллура барх1 мокха- къорза х1оа.

Иштта сурт шена гича, 1усмана, кхид1а ца хьокхуш, мангал сацийра. Мангалхочо шен « ц1ен – ц1а» ца дохадойла хиъча, бедо шен болх юха а д1аболийра.

Цул т1аьхьа цхьа к1ира даьлла хир дара.Дукха 1уьйранна хьуьнах воьдуш вара 1усман оцу уьшалшна юххехула. Д1ахьаьжначу цунна гира уьшалхула лелаш бад, т1аьхьах1оьттина мог1а бина дог1уш барх1 к1орни а долуш.Уьш кегий а, мокха а дара.

- Могуш-маьрша кхуьийла шу, - аьлла, шен г1уллакхе д1авахара 1усман.

(114 дош)

( Хасаев Хьасан)

2. Текстан маь1на билгалде

**1алам 1алашдар**____________________________

3. Билгалъяккха, х1ун текст ю иза. Нийса жоп билгалде.

- **Дийцаран**

- Сурт х1отторан

- Ойлаяран

4. Билгалъяккха планан пунктийн рог1алла.

1

Аьхке юлу хан

3 Нана-доьзал

2 Бедан бен карор

5.Дийцаран коьрта турпалхо мила ву?

☐ Хьуьнхо

☐ Таллархо

\+ Мангалхо

6.Схемица дог1у дешнаш схьаязде : машенаш, мангалхо, д1авахара.



__машенаш______



___мангалхо________



Д1авахара ________________________________

7. Маса к1орни дара бедана т1аьхьах1оьттина дог1уш?

4 ☐ 6 ☐ 8 +

**Жам1даран талламан болх**

**Бохам**

1. **Д1аеша текст.**

Аьхкенан уггар довха де дара.

Органан бердана генахь йоцчу цхьана коьллаш юккъера инзаре ч1ог1ачу маьхьаршца пхьидаш екаш хезира. Иза дийнан делкъехь дара. Оцу балхах тхойша цецвелира. Цхьа бохам ца хилча, пхьидаш ека хан яцара х1ара. Х1ун ду-техьа х1ара аьлла, пхьидийн аьзнаш хезачу аг1ор т1евахара тхойша.

Схьагуш дерг иштта сурт дара: гуш жима ор дара, башха к1орга доцчу цу чохь хатт бара, кхехкаш долу худар санна, сийса а сийсаш. Дикка хьаьжча, и сийсош дерш пхьидийн сесий хилар гучуделира. Х1оьттинчу йокъано ор чуьра д1адаьккхинера хи, иза доцуш х1аллакьхуьлуш лаьттара сесий.

Х1ара г1уллакх иштта дита мегар дац аьлла, гена доццуш доьдучу татол т1ера схьа пхьидийн ор чу хи даийта харш даккха х1оьттира Султан. Ор чу хи деара, иза сихха хьала а дузуш.

Сесий сихонца хи чухула лела дуьйладелира. Уьш х1аллакьхиларх хьалхадевлира.

**(Хь. Хасаев)**

**2. Х1окху текстан тема билгалъе. Д1аяъе иза.**

**___<u>1алам лардар</u>_________________**

**3.Билгаъяккха, х1ун текст ю иза. Нийса жоп билгалде.**

- **<u>Дийцаран</u>**
- Сурт х1отторан
- Ойлаяран

**4.Т1адамийн метта элпаш дахка. Билгалъяха коьрта меженаш.**

Сес..й сих..нца хи чухула лела дуь..лад..лира.

**5.Текст юккъера схьа а лахий, чекхъяккха предложении.**

Ор чу хи деара, **<u>иза сихха хьала а дузуш</u>**.

**6.Шина бог1амалгахь долу дешнаш х1уманан ц1е цуьнан билгалонца х1отта.**

Довха малхо **<u>довха де</u>**

| | | |
|---|---|---|
| Бовхачу | ор | **<u>бовхачу малхо</u>** |
| Жима | де | **<u>жима ор</u>** |

**7.Т1адамийн метта элпаш дахка. Билгалдаха предложенин дозанаш.**

Органа го а б..на 1ачу пхь..даша ч1ог1а г1ов ..а йора  тхойша т1ев..ача, уьш мет..ах а ца  ..влира шайн к1орн..шна дан г1о доцуш, белх..м беш яра уьш.

**Паспорт фонда оценочных средств по предмету**
**«Литературное чтение на родном (чеченском) языке**

| 4 класс | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | **Хьалхарчу чийрикан лерина талламан болх**<br><br>**«Къона ххьанах олу?»** | I | РТБ. Нохчийн мотт. 4 класс. Жам1ан белхаш:Абдурзаков Ш. И., Дашаева Л. Х.,Дудаев С. А.-Х., Тутаева С. Л., Хунарикова П.А. Соьлжа-г1ала. 2018 |
| 2. | **Шолг1ачу чийрикан лерина талламан болх** | II | РТБ. Нохчийн мотт. 4 класс. Жам1ан белхаш:Абдурзаков Ш. И., Дашаева Л. Х.,Дудаев С. А.-Х., Тутаева С. Л., Хунарикова П.А. Соьлжа-г1ала. 2018 |
| 3. | **Кхоалг1ачу чийрикан лерина талламан болх** | III | РТБ. Нохчийн мотт. 4 класс. Жам1ан белхаш:Абдурзаков Ш. И., Дашаева Л. Х.,Дудаев С. А.-Х., Тутаева С. Л., Хунарикова П.А. Соьлжа-г1ала. 2018 |
| 4. | **Доьалг1ачу чийрикан лерина талламан болх «Бохам»** | IV | РТБ. Нохчийн мотт. 4 класс. Жам1ан белхаш:Абдурзаков Ш. И., Дашаева Л. Х.,Дудаев С. А.-Х., Тутаева С. Л., Хунарикова П.А. Соьлжа-г1ала. 2018 |

**1.Хьалхарчу чийрикан жам1даран талламан болх. 4 класс.**

1. **Текст д1аеша.**

(1)Дингат–иза дехо дуткъа дег1 а долуш, дехкахтера жима экха ду. (2)Луьста ира цергаш йу цуьнан. (3)Кегийра кхоьлина б1аьргаш ду. (4)Цунахнохчаша «ц1ецайоккхург» олу. (5) «Дингат» аьллацуьнан ц1е яьккхича, иза кертара д1айоьду олуш ду. (6)Иза кертахь хилар пайдехь а хета адамашна, х1унда аьлча цо мукадехкий а, дехкий а х1аллакдо.

(7)Дингатан садо1уш хан ян а яц. (8)Буса а, дийнахь а толу цо дехкашна. (9)Цхьана дийнахь-бусий итт-пхийтта дахка буу цо, ша оццул жима йоллушехь. (10)Ша йуьзча а ца 1аш, дехкий дойу цо, шена т1аьхьало йеш. (11)Кхин дахка ца карош ша мацйелча, йухайог1у иза ша т1аьхьалонна дитина дехкий даа. (12) Хаддаза уьдуш леларо мац йо иза, цундела сих-сиха дуу цо пхьор. (13)Гергарчу хьесапехь ши-кхо эзар дахка боь цо цхьана шарахь. (14)И жима экха керта кхаьчначу меттехь дехкийн х1у дов. (15)Цхьанхьараша уьш х1аллакдича, кхечахьа дехкий долчу д1адоьду и жима экха. (16)Х1усам дехкашкара схьайоккху дингато. (17) Иза шор а йой, цу чохь шена к1еда мотт буьллу цо йекъачу бецах йа ша дайинчу дехкийн ц1окарчех. (18)Иштта тамашийна экха ду дингат!

**2.**Авторна йешархочуьнга ала лиънарг х1ун ду? **Билгалйаккхий д1айазйе** текстан коьрта ойла.

☐ Жоп.

<u>Дингат адамашна пайдехь аэкха ду.</u>
<u>Дингат кертахь хилар адамашна пайдехь а ду. Дингато бохьу пайда.</u>

**3.Билгалъяккха,** х1ун текст ю иза. **Нийса жоп билгалде.**

☐ Дийцаран
☐ Сурт х1оттаран
☐ Ойлайаран

**4. Билгалйаккха планан пунктийн рог1алла**

☐ 2.Дингато дуккха а дехкий дайар
☐ 3.Дингат йолчу кертахь дехкий х1у дар.
☐ 1.Дингат – адамашна пайдехьа экха.

**5.Текст юккъера схьа а лахий, чеккхйаккха предложени.**
И жима экха керта кхаьчачу меттехь дехкийн х1у дов.

**6.**12-чу предложенехь **караде** схемица бог1уш х1оттам болу дош:



Лел/ар/о

**Схьайазде** и дош, **караде** цуьнан дакъош.

**7. Хийца** «хан» боху дош (текстан шолг1ачу абзацера) гергара маь1на долчу дашца. **Д1айазде** и дош.

Жоп. Хан - зама ______________________________________________

**8.** **С**хьайазде1-чу предложенера массо а ц1ердош цу предложенехь далийначу кепехь.

**Билгалйаккха** муьлххачу а цхьана ц1ердешан кепан класс, терахь, дожар (шайна луъучун).

Жоп.Дингат - (кх. кл., цхь. т., Ц1.д.)
дег1 - (кх. кл., цхь. т., Ц1.д.)
дехках - (кх. кл., цхь. т., Х.д.)
экха - (кх. кл., цхь. т., Ц1. д.).

**9.Схьаязде**14-чу предложенерамассо а билгалдешанкеп,шайцауьйрйолчу ц1ердешнашца цхьаьна.

Жоп. Жима экха
дехкийн х1у

**10. Схьаязде**6-чу предложенерамассо а хандошцупредложенехьдалийначукепехь.

Жоп. Хета, х1аллакдо.

2. **Шолг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх. 4 класс.**

1. **Текст д1аеша.**

(1) Х1унда бу х1орд иштта дуьра? (2) 1илманчашна хетарехь, ширачу заманахь х1ордан хиш дуьнен т1ехь хиллачу даккхийчу боьранашкахь гулделла хилла.
(3) Уьш теза а хилла. (4) Ткъа уьш цул т1аьхьа иштта дурхьан дина? (5) Дера дина даима къахьега кхоьллинчу хин т1адамаша!

(6) Шайн ма-хуьллу х1орде хьаьвдда ду хиш, х1унда аьлча х1ордаш а, 1апказаш а лаьттан т1ег1анал лоха ду. (7) Лаьтта бухахула лелаш долчу хиша а татолаша а яшайо ламанан маь1данаш, шайца тайп-тайпанчу туьхийн дуралла д1а а хьош. (8) Ткъа цу хица а хуьлу туьха, х1унда аьлча цо иза лаьттах схьадоккху. (9) Х1ордан хин т1ехула малхо йохйи.
(10) Хин т1адамаш яйчу 1аьнаре дирзи. (11) Уьш стигал хьаладевли, дог1а а хилла, лаьтта охьадисси. (12) Т1аккха и т1адамаш лаьтта буха даха, лаьттан бухара хиш хили, юха а х1ордах д1акхийти… (13) Чаккхе яц цу хиламан, иштта ду хиэ 1аламехь го баккхар.

(14) Амма, 1аьнаре доьрзуш, хин т1адамаша х1ордана буьту шайца беана туьхан жима мохь. (15) Х1ордо схьагулдо барам боццуш дукха хин т1адамаш. (16) Иштта цхьана т1адаман туьхан мохьах т1аьххьара а хуьлу инзаре боккха мохь. (17) Цундела бу-кх х1орд иштта дуьра!

2. Текстан коьртачу ойланах кхета г1о ден долу ц1е, дага а лаций, д1аязъе. Жоп

Х1унда бу х1орд дуьра?
Муха хилла х1орд дуьра?
Х1ордах а, дуьрачу т1адамех а лаьцна.

**3.Билгалъяккха,** х1ун текст ю иза**. Нийса жоп билгалде.**

☐ Дийцаран
☐ Сурт х1оттаран
☐ Ойлаяран +

**4. Билгалъяккха планан пунктийн рог1алла**

☐ 1аламехь хиэ го баккхар.(2)

Теза хи дурдалар.(1)

Дуьра мохь.(3)

**5. Текст юккъера схьа а лахий, чеккхъяккха предложени.**
Х1ордан хин т1ехуле малхо йохйи.

**6.**7-чу предложенехь **караде** схемица бог1уш х1оттам болу дош:



**Схьаязде** и дош, **карадецуьнандакъош.**

Дура/лл/а

**7. Хийца** «схьагулдо» боху дош (текстан кхоалг1ачу абзацера) гергара маь1на долчу дашца. **Д1аязде** и дош.

Жоп. Схьагулдо - схьалахьадо

**8.**Схьаязде 9-чу предложенера массо а ц1ердош цу предложенехь далийначу кепехь.

**Билгалъяккха** муьлххачу а цхьана ц1ердешан кепан класс, терахь, дожар (шайна луъучун).

Жоп. _хица, туьха, лаьттах.

хица-кх.кл., цхь. т., К. д.

туьха- кх. кл., цхь. т., Ц1. д.

лаьттах- кх. кл., цхь. т., Х. д.

**9.Схьаязде** 11-чу предложенера массо а билгалдешан кеп, шайца уьйр йолчу ц1ердешнашца цхьаьна.

Жоп. Хин т1адамаш , яйчу 1аьнаре

**10. Схьаязде** 13-чу предложенера массо а хандош цу предложенехь далийначу кепехь.

Жоп. Даха, хили, д1акхийти.

**3.Кхоалг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх. 4 класс.**

**1.Д1аеша текст.**

1)Муьлхха а космосе воьдучу космонавтан шен леррина духар хуьлу- скафандр.(2)Скафандр грекийн дош ду.(3)Вайн маттахь цуьнан маь1на «адамна лерина кема» бохург ду.(4)Цунах иштта аьлла, х1унда аьлча дуьххьарлера скафандраш водолазашна йина хилла.(5) Оцу духарца адам чолхечу хьелашкахь дехаш а, болх беш а хуьлу.(6)Буьрсашело, инзаретов, х1о цахилар – х1орш ю царехцхьаерш.(7)Бакъболчу кхерамех ларво скафандро космонавт.

(8)Скафандраш шина тайпана хуьлу:космосехь кеманчохь лелошъерш а, цу чуьра араволуш т1еюхушъерш а. (9)Чуьра араволуш юхушъерш дезачу деношкахь лелош йолубедарш яц.(10) Уьш цара йиллинчу космосе арабовлуш т1еюху.(11)Космически кема мух-муха а вовшах тоьхна чалх яц.(12)Юткъа антеннаш, датчикаш, маьлхан батарейш ю цунна т1ехула массанхьа а.

(13)Цу кепара, вай к1еззиг дийци скафандрах лаьцна.(14)Старт яле кеманна т1евоьдучу космонавтан карахьерг х1ун чамда ю хаьий шуна?(15)Космонавт ракетина т1евоьдучу юкъана цуьнан скафандра чу х1аваъ луш йолу система ю цу чохь.(16) Кеманчохь скафандр д1ахуттур ю цу чохь дахар латтош йолчу системах.

(А.Б. Ткаченкон текстан буха т1ехь)

2.Текстан коьртачу ойланах кхета г1о ден долу ц1е, дага а лаций, д1аязъе.

Жоп

Космонавтан духар

Кхерамех ларвалар

Космонавт кхерамех ларвен духар.

**3.Билгалъяккха,** х1ун текст ю иза**. Нийса жоп билгалде.**

Дийцаран+

Сурт х1оттаран

Ойлаяран

**4. Билгалъяккха планан пунктийн рог1алла**

осмосехь кеман чохь лелош йолу а, цу чуьра араволуш т1еюхуш йолу а скафандраш.(2)

дамна лерина кема.(1)

осмонавтана лерина х1аваъ.(3)

**5. Текст юккъера схьа а лахий, чеккхъяккха предложени.**
Космически кема мух-муха а вовшахтоьхна чалх яц.

**6.**5-чу предложенехь **караде** схемица бог1уш х1оттам болу дош:



**Схьаязде** и дош, **караде** цуьнан дакъош.

<u>**Духа/р/ца**</u>

**7.Хийца** «к1еззиг» боху дош(текстан кхоалг1ачу абзацера) гергара маь1на долчудашца. **Д1аязде** и дош.

Жоп. <u>**К1еззиг - жима**</u>

**8.**Схьаязде 9-чу предложенера массо а ц1ердош цу предложенехь далийначу кепехь.

**Билгалъяккха**муьлххачу а цхьана ц1ердешан кепан класс, терахь, дожар (шайналуъучун).

Жоп. <u>Кхерамех, скафандро, космонавт.</u>

<u>Кхерамех-кх. кл., дукх. т., Х. д.</u>

<u>скафандро -кх. кл., цхь. т., Д. д.</u>

космонавт- 1 кл., цхь. т., Ц1. д.

**9.Схьаязде** 12-чу предложенера массо а билгалдешан кеп, шайца уьйр йолчу ц1ердешнашца цхьаьна.

Жоп. Юткъа антеннаш, маьлхан батарейш.

**10. Схьаязде** 4-чу предложенерамассо а хандошцупредложенехьдалийначукепехь.

Жоп. Аьлла, хилла.

**1.Йуккъерчу аттестацин талламан болх. 4 класс.**

**1.Текст д1аеша.**

(1)Лаьтта т1ехула д1асадаьржа гуьйренан дахкарш. (2)Хетало, мархаша, лахха охьа а яьхкина, латта дуькъачу к1айчу чкъураца д1ахьулдина.(3)Къаьсттина дуькъа хуьлу дохк садаьржаш, латта дика шелделлачу хенахь.(4)1уьйренца гучубаьллачу малхо дохди латта.(5)Дерриге а дендели, доладели, техки, серладели.(6) Малх схьакхетарца дохк даьржи, деши, д1адай. (7)Анайист къаьсташ ю,басарш къегина ду, аьзнаш зевне ду.

(8)Дохк -1аламан хилам бу,амма шу цецдевр ду, х1аваэхь кхозуш долу кегий хин т1адамаш адамашна пайдехьа хила тарло аьлча.(9) Дахкаран г1оьнца адамаша х1аллакйо зуламе микробаша, кхераме сагалматаш а. (10)Ишттачу меттехь дахкарца иэдо шатайпа химически молханаш.

(11)Цул сов, дахкарца дарба а до.(12)Нагахь шелделла, мераца дика саца де1алуш а, йовхарш кхетта а хилча, нанас шу довха хи чохь долчу яйна хьалха охьаховшадо. (13)Цу т1ера хьалаг1уьтту 1аь изза дохк ду, ткъа аш цуьнца садоь1у. (14)Лоьраша цунах ингаляци олу. (15)Гой шуна, ингаляци йинчул т1аьхьа шуьга атта саде1ало!

**2.**Авторна ешархочуьнга ала лиънарг х1ун ду? **Билгалъяккхий д1аязъе** текстан коьрта ойла.

☐ Жоп.

Дахкарш 1аламехь а, адаман дахарехь а.

Дахкарш адамашна пайдехьа хилар.

Дахкарш-г1оьнчаш.

**3.**Х1оттае кхаа пунктах лаьтташ йолу текстан план, д1аязъе иза.

☐ Жоп.

1. Гуьйренан дахкарш
2. Дахкарш юьртан бахамехь пайдаэцар.
3. Дахкарца дарба дар.

**4.**Муха кхета хьо шолг1ачу абзацера «*х1аваэхь кхозуш долу хин т1адамаш*» бохучу дешнийн маь1нах?Д1аязде хьо кхетачу кепара.

☐ Жоп. **Дохк ду.**

5.Схьалаха текстера цхьанатайпанарчу сказуемешца йолу предложении.Схьаязъе уьш, буха сиз хьакха.

☐ Жоп. **Малх схьакхетарца дохк даьржи, деши, д1адай.**

**6. Хийца**«д1ахьулдина» боху дош (текстан хьалхарчу абзацера) гергара маь1на долчу дашца. **Д1аязде** и дош.

☐ Жоп.**Д1ахьулдина-къайладаькkхина, д1алачкъийна.**

**7.** 6-чу предложенехь схьакараде дешхьалхе йолу ши дош. Схьазде уьш.

☐ Жоп. **схьакхетарца , д1адай.**

**8. С**хьаязде 7-чу предложенера массо а ц1ердош цу предложенехь далийначу кепехь.

**Билгалъяккха**муьлххачу а цхьана ц1ердешан кепан класс, терахь, дожар (шайналуъучун).

☐ Жоп.Анайист, басарш, аьзнаш

☐ Анайист-кх.кл., цхь. т., Ц1. Д.

басарш-кх.кл., дукх. т., Ц1. Д.

аьзнаш- кх.кл., дукх. т., Ц1. Д.

9.**Схьаязде** 9-чу предложенера массо а билгалдешан кеп, шайца уьйр йолчу ц1ердешнашца цхьаьна.

☐ Жоп Дахкаран г1оьнца, зуламе микробаша, кхераме сагалматаш.

**10. Схьаязде** 6-чу предложенера массо а хандош цу предложенехь далийначу кепехь.

☐ Жоп. даьржи, деши, д1адай.

Пронумеровано, прошито и скреплено печатью на 25 (двадцать пять) листах

Директор /Б.А. Хамадов/